

**Swen Sante
pou chak etap
nan lavi a.**

**Mèsi dèске
w chwazi
Orlando Health.**

2018

**ORLANDO
HEALTH®**

OrlandoHealth.com/Disney

Angajman nou pran:

**Grasa yon gwo rezo sèvis swen
sante trè modèn, pwofesyonèl
kalifye epi etablisman trè
modèn nan tout Santral
Florida, n ap fè tout efò pou fè
w jwenn fasilman swen sante
ou bezwen yo — lè w bezwen
yo ak kote w bezwen yo.**

**ORLANDO
HEALTH®**

Tabdèmatyè

Kay ou pou Swen Sante ak Liy Sèvis Konsyèj	3 & 4
Wòl Doktè Swen Jeneral Ou.....	5
Vizit Nouvo Pasyan	6
Egzamen Fizik/Prevantif Anyèl.....	7
Referans.....	8
Wòl Espesyalis la.....	8
Sèvis Swen Ijan.....	9
Sèvis Dijans.....	10
Kilè pou rele 911.....	11
Kesyon Yo Konn Poze Souvan.....	12 – 14
Etablisman Orlando Health yo.....	15 & 16

Spanish and Haitian Creole guides are available
on **OrlandoHealth.com/Disney**.

Las guías en español y creole haitiano están disponibles
en **OrlandoHealth.com/Disney**.

Gid an Panyòl ak Kreyòl Ayisyen yo disponib nan
OrlandoHealth.com/Disney.

Orlando Health – Kay ou pou Swen Sante



KONTE
SÈVI

Brevard, Lake, Orange,
Osceola, Seminole and Polk

Lakay se kote nou jwenn abri, konfò ak sipò.

Se poutèt sa nou te fè klinik swen jeneral nou yo pou yo kapab "kay medikal" ou — premye kote w ale nan moman maladi oswa blesi men tou, li se resous rezève ou pou amelyore ak konsève sante w nan tout laj ak nan tout estad nan lavi.

Lakay se yon kote akeyan.

Klinik ke doktè dirije adopte yon metòd ki konsidere moun nan annantye, epi kote ou ye jodi a se pwen depa nou, epi apati de kote sa, kontinye pou ofri w swen sante ki:

- Aksesib
- Konpatisan
- Konplè epi kowòdone
- Konsantre sou bon jan kalite ak sekirite
- Konsantre sou pasyan

Lakay se yon kote tou ki konfòtab epi w abitye ak li.

Nan menm fason sa, nou vle fè li fasil pou w jwenn swen ou bezwen ak enfòmasyon ou vle genyen avèk mwens deranjman e pi gwo fasilite ki posib.

Orlando Health kontan ofri yon pòtay pou pasyan gratis sou entènèt pou bay yon fason fasil e san danje pou jere enfòmasyon sou sante w nenpòt ki kote, nan yon moman ki bon pou ou. Si w te yon pasyan nan yonn nan lopital Orlando Health yo, nan sant pou pasyan ekstèn oswa klinik doktè Orlando Health yo anvansa, ou ka enskri nan MyOrlandoHealth.com.



Ou kapab itilize pòtay pasyan ou an pou:

- Mande renouvèlman medikaman preskripsyon
- Gade rezulta tès yo
- Gade enfòmasyon medikal ak rezime klinik yo
- Kominike dirèkteman ak doktè w ak/oswa estaf doktè a nan sèvis mesaj ki gen sekirite



Plis pase
23,000

Manm Ekip
k ap pran swen w.

Nan pamì lòt fason nou fè li fasil pou w jwenn swen ou bezwen, gen ladan:

Lè biwo ki pi long — Anpil nan doktè swen jeneral nou yo ofri èdtan sèvis aswè oswa nan wikenn. Ale sou sitwèb nou an oswa mande doktè ou an yon orè presi.

Referans elektwonik — Doktè swen jeneral Orlando Health ou an ap voye tout referans ou bezwen pou tès oswa pou swen espesyalite dirèkteman ba founisè Orlando Health ki chwazi a.

Liy Sèvis Konsyèj Kowòdone pou Manm Ekip Disney

Antan yon Manm Ekip Disney ak fanmi yon manm, ou gen aksè nan yon nivo sèvis anplis grasa Liy Konsyèj Kowòdone Disney Orlando Health nou an **844.WDW.OHFP** (844.939.6437).

Li la pou ede w jwenn asistans ak swen ou bezwen byen vit e byen fasil. Ekip konsyèj nou an ap ede w dirèkteman oswa, si sa nesesè, y ap konekte w ak yon resous ekspè pou kalite sèvis annapre la yo:

- Navigasyon ak konsèy nan sistèm swen sante nou an
- Asistans pou planifikasyon
- Kesyon sou plan sante debaz
- Kesyon bòdwo



Tout Bagay Derape ak Doktè Swen Jeneral Ou

Doktè Orlando Health yo konsantre swen yo sou oumenm, pasyan an prensipalman. Nou kwè nan puisans relasyon w avèk doktè swen jeneral pèsonèl ou nan Orlando Health (PCP, Primary Care Physician). Kolaborasyon sa a la pou ede w ogmante sante w omaksimòm. PCP ou an ap kowòdone sèvis swen yo lè ou bezwen yo, pandan l ap asire ou jwenn pi bon swen ki posib.

PCP Orlando Health ou an pwomèt pou:

EKSPLIKE

- Maladi yo, tretman ak rezulta yo ak mo ki klè e ki fasil-pou-konprann
- Bon machaswiv pou medikaman
- Fason pou reponn a bezwen swen sante w andeyò lè nòmal biwo

BAY

- Repons alè avèk rezulta tès yo ak pou nenpòt kesyon
- Referans ba espesyalis ak ekspè ou ka fè konfyans, lè sa nesesè
- Kowòdone komunikasyon ant espesyalis sa yo
- Enfòmasyon sou lòt chwa sèvis pou ede w kenbe yon mòdvi ki bon pou sante
- Machaswiv ki klè nan fen chak vizit konsènan sa w dwe atann, tretman yo ak plan pou pi devan
- Dokiman edikasyonn fasil-pou-konprannpou w pote lakay ou

KOUTE


- Istwa w, preferans ou pou swen ak objektif sante w
- Kesyon w ak enkyetid ou

KONSEVE

- Disponibilite pandan ak apre lè nòmal biwo pou bezwen swen ou yo
- Sekrè konplè nan tretman, dosye ak konvèrsasyon

Pasyan Center for Living Well (Sant pou viv byen):

PCP ou nan Center for Living Well pral kontinye founi swen jeneral ou epi kowòdone referans ba espesyalis anndan rezo prefere Orlando Health la.



YON REZO
PLIS PASE
3,000
DOKTÈ
NAN PLIS PASE
KARANT DOMÈN
ESPESYALITE

Oumenm ak PCP ou


Lè yon maladi parèt oswa lè w gen yon blesi grav se pa moman sa pou w al wè doktè swen jeneral (Primary Care Physician, PCP) ou an pou premye fwa. Okazyon pou vin abitye avèk ou, ansanm ak istwa medikal ou e istwa fanmi w ap ede doktè ou an adapte swen yo pou ou pèsonèlman. Se poutèt sa nou ankouraje pou w prevwa yon vizit nouvo pasyan.

Vizit Nouvo Pasyan

Anvan vizit ou an: Si sa posib, tanpri mande yon transfè dosye medikal apatide nenpòt doktè ou gen kounye a, epi vini avèk yo. Estaf nan nenpòt biwo PCP Orlando Health yo ap kontan ede w.

Pandan vizit ou an: PCP ou an pral mande enfòmasyon sou istwa medikal ou ak istwa medikal fanmi w tou, epi li pral vle konnen tout medikaman w ap pran kounye a. Si nenpòt nan yo dwe renouvre, sa kapab fèt. Si yon pwoblèm medikal mande pou fè tès, radyografi oswa referans ba yon espesyalis, doktè ou an pral okipe de sa, tou.

Depi w fin kòmanse ak PCP Orlando Health ou an nan yon vizit nouvo pasyan, li enpòtan pou fè yon "tchekòp" chak ane pou anpeche maladi epi konsève yon bòn sante. Li enpòtan espesyalman pou ede detekte bagay ki kapab pa fè bri, men ki se maladi kwonik danjere kouwè dyabèt ak maladi kè.



Nan vizit ou an, yo pral mande pou w bay:

- Yon ID valab ki gen foto w sou li
- Kat asirans ou pou 2018
- Yon lis tout medikaman w ap pran kounye a, ankontan medikaman yo vann san preskripsyon, ansanm ak kèlkanswa vitamin oubyen sipleman tou
- Yon lis kenpòt aleji w fè, ankontan reyaksyon ak medikaman
- Istwa medikal ou, ki gen ladan operasyon ak lè w te entène lopital
- Istwa fanmi w, ankontan paran nan san, granparan, matant, tonton, kouzen, frè ak sè, ak pitit
- Yon lis espesyalis ou te wè
- Nenpòt kesyon oswa enkyetid sante ou ka genyen

Egzamen Fizik/Prevantif Anyèl

Pou egzamen anyèl ou an, tanpri asire ou vini avèk:

- Yon ID valab ki gen foto w sou li
- Kat asirans ou pou 2018
- Yon lis tout medikaman w ap pran kounye a, ankontan medikaman yo vann san preskripsyon, ansanm ak kèlkanswa vitamin oubyen sipleman tou
- Nenpòt novo alèji oswa enfòmasyon nèf nan istwa fanmi w/istwa medikal ou

Pandan egzamen anyèl ou an, PCP Orlando Health ou an pral:

- Fè yon egzamen fizik
- Pale sou abitid sante w, ankontan rejim ak egzèsis
- Mande analiz laboratwa anyèl
- Fè oswa bay lòd pou fè nenpòt tès byennèt ki bon pou laj oswa ki bon pou sèks (sètadi, EKG, pwostat, mamogram, elatriye)
- Mande renouvèlman medikaman si sa nesesè
- Rekòmande mòdvi ak mezi swen prevantif ou ka pran pou rive nan pi bon sante ki posib

Selon nenpòt enkyetid ou ka genyen oswa sentòm ou devlope, doktè ou an ka mande pou w pran yon randevou pou swiv. Sa ap pèmèt evalye nèt nenpòt pwoblèm epi pale sou yo. Epitou, li kapab rekòmande nenpòt tès ak tretman ki bon pou pwoblèm nan.

Ane sa ankò: Anplwaye Disney ak Manm Ekip yo, plis mari/madanm/ patnè nan kay pa yo ki enskri, yo chak kalifye pou touche \$100 poutèt yo fè yon egzamen prevantif nan kad Pwogram Rekonpans Byennèt Disney pou Aktivite ki Bon pou Sante (Disney Healthy Pursuits Wellness Rewards Program)

Ale nan **Benefits.Disney.com** pou jwenn plis enfòmasyon ak pou aprann kijan ou ka touche jiska \$300 nan rekonpans byennèt dapre rezulta egzamen ou an.





Referans

Doktè Swen jeneral Orlando Health ou an (PCP) ap kowòdone nenpòt referans ou bezwen pou tès oswa tretman anplis, ankontan analiz laboratwa, radyografi ak imajri, terapi fizik ak swen doktè espesyalis. Yo bay tout sèvis sa yo andedan fanmi Orlando Health la, pandan y ap asire ou resevwa swen kowòdone, atan epi ki gen kalite siperyè. Anplis, yo fè tout referans yo elektwonikman pou rann li fasil ak san anpil efò pou ou.

Lè yo fè yon referans, PCP Orlando Health ou an ap kontinye sèvi kòm resous ak èd pèsonèl pou sante w, ki sipèvize plan jeneral swen ou epi asire tout moun k ap patisipe ladan enfòme e kolabore ansanm pou w rive nan pi bon sante ki posib.

Wòl Espesyalis la

Nan sèten sikonsans, lè sentòm yo mande sa, PCP ou an ka deside ou dwe al wè yon espesyalis. Oswa, si pwòp enkyetid pa w lakòz ou mande tèt ou èske pwochen etap la se yon espesyalis, ou kapab sètènman souve kesyon sa a ak PCP ou an. Kèlkilanswa, doktè ou an pral pale sou sitiyasyon an avèk ou, l ap dirije w ba bon espesyalis la epi ede w avèk yon referans oswa menm òganize randevou a.

Espesyalis Orlando Health ou yo se doktè ki fin fè etid siperyè ak fòmasyon klinik nan yon domèn lamedsin byen presi. Ou ta va wè yon kansewològ pou prevansyon ak tretman kansè, oswa yon kadyològ pou zafè ki gen pou wè ak kè. Nou gen yon pakèt divès kalite espesyalis, epi yo tout disponib pou ede doktè swen jeneral ou an pou reponn a bezwen swen sante w yo.

Yon espesyalis pral vle wè w toutotan li nesesè, toudepan kisa pwoblèm oswa maladi ou an ye ak jan tretman an ap mache. Men ou dwe konnen, òdinèman yon espesyalis refere yon pasyan tounen bay PCP li pou nenpòt nouvo pwoblèm ki ta ka vin genyen ki pa gen rapò ak domèn espesyalis la konsantre sou li a.

10 SANT SWEN IJAN

Sèvis Swen Ijan

Orlando Health kolabore avèk **CareSpot Urgent Care** pou bay oumenm ak fanmi ou tretman nan yon jounen – ladan gen wikenn, aswè ak jou ferye – nan nèf kote ki toupre ou. Menmsi yo pa janm obligatwa, gen randevou disponib, ankontan posibilité pou pran randevou sou entènèt.

Kilè pou w ale nan Swen Ijan

CareSpot Urgent Care – Sant Orlando Health yo ofri sèvis swen sante pou pwoblèm medikal ki pa ijan ki kapab devlope sanzatann epi ki bezwen swen touswit, sa ki konble twou vid ant doktè swen jeneral ou ak sal dijans yo. Sa gen ladan swen pou grip, enfeksyon, migrèn, foul, koupe, mètrisi, boule ak ti maladi, ansnam ak vaksinasyon, egzamen fizik, sèvis sante okipasyonèl, radyografi ak tès laboratwa. Chak sant gen ladan tou yon sal entèvansyon pou bezwen ki plis konplike tankou koud ak mete atèl. Pèsonèl la ap ede kowòdone chwa referans yo lè swen espesyalite oswa swen swivi nesesè.

Anplasman

- Altamonte Springs
- Apopka
- East Sand Lake
- Kissimmee
- Lake Mary
- MetroWest
- Ocoee (*Orlando Health Express Care*)
- South Orange
- Winter Springs
- Oviedo (*ouvèti an 2018*)



Sèvis Dijans

Bon swen medikal rapid sove lavi moun. Pèsonn moun pa vle prevwa pou vin gen yon ijans, men nou vle ou prepare pou konnen kisa pou w fè ak kikote pou w chèche swen si sa rive.

Kilè pou w ale nan Sèvis Dijans

Nan Orlando Health, nou gen yon kantite sèvis dijans nan tout Santral Florida, e nou la pou ou lè w bezwen nou. Ou dwe chèche swen touswit nan sèvis dijans ki pi pre a si oumenm oswa yon moun pwòch ou gen nenpòt nan sa ki annapre la yo:

- Doulè nan pwatin, difikilte pou respire oswa feblès toudenkou oubyen doulè nan janm oswa nan bra
- Palpitasyon kè grav
- Pèdi ekilib toudenkou, chanjman nan vizyon, difikilte pou pale oswa endispozisyon
- Maltèt grav toudenkou
- Blesi nan tèt oswa nan je
- Gwo blesi oswa senyen san rete
- Vomisman toutan
- Zo kase oswa jwenti debwate
- Boule grav
- Anpwazonnman ak oswa ovèdòz medikaman
- Kriz san yon dyagnostik epilepsi anvansa
- Doulè grav, espesyalman nan vant oswa ki kòmanse mwatye chemen desann nan do
- Reyaksyon alèji ak manje, mòde bète oswa ensèk
- Tibebe ki fenk fèt (laj mwens pase 3 mwa) ki gen yon lafyèv nan 100.4°F oubyen pi wo
- Ou tonbe, si w ap pran medikaman antikowagilan



SÈL SANT NIVO EN POU TWOMATIS NAN SANTRAL FLORIDA POU ADILT AK PEDYATRI



+12 Sal
Dijans

Gen ladan senk paviyon medikal ak sal dijans otonòm — ap trè vini byento.

Kilè pou rele 911

Souvan li difisil pou jwenn kilè pou w rele 911 olye pou ou kondi pou w ale nan sèvis dijans.

Rele 911 nan nenpòt nan sitiayson sa yo:

- Lavi yon moun menase.
- Yon moun endispoze oswa li sot tonbe toudenkou.
- Moun nan gen doulè pèsistan nan pwatrin oswa difikilte pou respire.
- Gen yon blesi grav ki kapab menase lavi oswa menase yon manm kò.
- Ou kwè si yo deplase moun ki viktim nan sa ta kapab lakòz plis blesi.
- Ou kwè pwoblèm nan kapab vin pi mal byen vit sou wout pou ale lopital.
- Ou santi trafik oswa distans la ta lakòz twòp reta pou mennen moun nan lopital.
- Moun nan bezwen swen oswa aparèy touswit ke yon EMT kapab bay.

Kounye a tou, Se Annik Klike Pou Chwazi Tretman Pou Ti Ijans Ou yo.

Si ou pa anmezi itilize youn nan sant swen ijan ki byen chita yo pou trete ti ijans ou yo, nou ka ede fè vizit nan depatman dijans lan pi fasil. Avèk zouti planifikasyon sou entènèt Orlando Health la, ou ka chèche Sal Dijans (ER) ki pi pre oswa ki pi bon ou, anrejistre sou entènèt, epi chwazi yon moman ou kalkile apeprè pou tretman ti ijans ou yo, konsa ou ka rete tann lakay ou jiskaske moman rive pou yo wè w.*

*Pou ti ijans ki pa menase lavi oswa ki pa mete manm kò an danje. Si w gen yon ijans ki menase lavi, ale nan ER dirèkteman oswa rele 911 touswit.



Kesyon Yo Konn Poze Souvan

Poukisa Disney ap vini avèk preferans rezo sa a pou patisipan HMO yo nan Santral Florida?

Disney vle pou anplwaye yo gen pi bon chwa, mwens traka, epi jwenn aksè nan swen sante kalite siperyè. Se pou rezon sa Disney ap travay ak Orlando Health pou ofri yon nouvo kalite aranjman: yon aranjman kote PCP yo travay ann ekip ak espesyalis yo, lopital yo ak lòt etablisman yo andedan rezo prefere patisipan an. Avèk le tan, yo atann ke pi bon kowòdinasyon ant PCP yo ak lòt doktè yo nan rezo prefere a pral:

- Ede patisipan yo jere depans swen sante yo pi byen
- Amelyore eksperyans pasyan viv
- Ede patisipan yo rete ansante oswa vin ansante

Objektif la se ede patisipan HMO yo jwenn swen yo bezwen, nan fason ki efikas e byen òganize.

Kisa rezo prefere HMO Orlando Health la siyifi pou mwenmenm ak fanmi m an 2018?

Piske w chwazi Orlando Health kounye a, ou pral travay kole sere ak PCP ou an pou jwenn swen anndan rezo prefere ou an, ki pral:

Plis adapte pou ou pèsonèlman.
PCP ou an pral travay tankou yon ekip ak espesyalis yo, lopital yo ak lòt etablisman yo andedan rezo prefere ou an. Yo pral pataje enfòmasyon epi fè rekòmandasyon ansanm pou founi w pi bon swen ki posib.

Rezulta avèk mwens traka.
Swen ki kowòdone pi byen vle di pi bon komunikasyon ant founisè ou yo, mwens pwoblèm administratif ak mwens dokiman pou ou ranpli.

Pran mwens tan.
Kounye a, doktè w ka refere w ba yon espesyalis san transmèt rezulta tès ou oswa radyografi w. Mache anpil sa ta ka tonbe sou responsablité w — epi san li randevou w ak espesyalis la ta ka pa bay kantite rezulta ou ta vle a. Alèkile, founisè swen ou yo pral kowòdone etap sa yo pou ou, konsa ou kapab jwenn anpil pwofi nan chak randevou.



25 

Sant pou

Pasyan ekstèn + 2 Paviyon Medikal

Èske mwen ka wè doktè deyò rezo HMO-Orlando Health?

Non. Tankou tout HMO, opsyon medikal ou chwazi pou 2018 la ap oblige sèvi sèlman pou swen andedan rezo a: PCP ou an pral kowòdone referans ba espesyalis oswa lòt founisè swen. Si PCP ou refere w ba yon founisè andeyò rezo prefere ou an, reklamasyon an p ap kouvri. Menmsi PCP ou dwe konnen nan ki rezo HMO oumenm ak depandan w ki kouvri yo enskri, ou gen responsabilite asire ou resevwa swen andedan-rezo a.

Èske mwen bezwen yon rekòmandasyon nan men PCP mwen pou m al wè yon lòt doktè?

Referans reprezante yon pati endispansab nan modèl swen rezo. PCP ou ap refere ou — epi travay ann ekip avèk — espesyalis, lopital ak lòt etablisman annan rezo HMO a pou bay bonjan kalite swen trè kowòdone, ki amelyore eksperyans ou kòm yon pasyan.

Si m bezwen swen pandan m ap vwayaje andeyò zòn nan, èske tretman mwen ap kouvri?

HMO pa kouvri swen ou resevwa andeyò rezo Orlando Health la, sof nan sitiyasyon ijans.

Èske mwen bezwen yon referans pou al wè yon espesyalis?

Wi. PCP ou dirije swen ou, ansanm ak bay referans tou pou espesyalis ak lòt sèvis.

Si w resevwa swen nan men yon espesyalis san yon referans, yo p ap kouvri swen an.

N ap fè remake referans gen yon limit pou dire swen (yon kantite vizit byen presi), epi li dwe renouvele lè dire swen an ekspire.

Si w ap wè yon espesyalis nan moman kounye a epi ou pa fin sèten si w dwe gen yon nouvo referans, kontakte PCP ou pou konfime.

Èske Orlando Health ofri sèvis telemedsin?

Orlando Health pwograme pou ofri sèvis telemedsin an 2018.

Ki sant swen ijan ki disponib nan rezo HMO-Orlando Health la?

CareSpot Urgent Care –Sant Orlando Health yo fè pati rezo HMO Orlando Health la. Pou jwenn lòt etablisman ki nan rezo HMO a, ale nan OrlandoHealth.com/Disney.

E si mwen resevwa swen medikal dijans nan yon etablisman ki pa nan rezo prefere mwen an?

Sèvis ijans yo kouvri kèlkanswa etablisman an. Si w bezwen tretman touswit pou yon pwoblèm grav oswa ki mete lavi an danje, toujou ale nan etablisman dijans ki pi pre ou an.

E si mwen gen yon chanjman nan eta sante mwen?

Si w bezwen fè rapò pou yon chanjman nan eta sante w oswa ou gen kesyon konsènan eta sante w, tanpri kontakte doktè swen jeneral ou an oswa biwo espesyalite a dirèkteman.

Biwo doktè ou an pral dirije w ba yon manm estaf klinik oswa sèvis klinik apre lè biwo pou pale sou enkyetid ou genyen yo. Yo ka ba w machaswiv pou ede w lakay ou, pou ede w deside si w dwe pran yon randevou nan biwo a, oswa si li ta pi bon pou w chèche èd nan yon etablisman swen ijan.

844.WDW.OHFP

Espesyalman pou Anplwaye ak Manm Ekip Disney yo

Aksè 24/7/365

Nimewo Telefòn ki la pou Sèvis Konsyèj

Pou jwenn yon doktè oswa pou pran yon randevou, rele nimewo Orlando Health ou ki la espesyalman pou sèvis konsyèj. Oswa, tou senpman jwenn plis enfòmasyon sou chwa sèvis ki disponib pou ou.

Ale nan OrlandoHealth.com/Disney

Pou aprann plis bagay sou angajman Orlando Health pran pou oumenm, egzaminen sèvis nou yo ak ekip pwofesyonèl swen sante nou yo ki pare pou founi pi bon swen.

844.WDW.OHFP
(844.939.6437)



Èske sa vin chanje kikote ak kijan mwen egzekite preskripsyon mwen?

Non. Benefis famasi w yo ap kontinye administre pa Express Scripts, epi w ap egzekite preskripsyon w menm jan ou fè li jodi a.

Èske mwen ka kontinye itilize Center for Living Well?

Tout founisè Center for Living Well fè pati rezo Orlando Health la.

Èske mwen ka kontinye itilize kat Cigna HMO ak Express Scripts mwen gen nan moman an?

Non. Ou pral resevwa yon nouvo kat idantifikasyon medikal/famasi konbine pou w itilize pandan vizit medikal yo ak lè w ap egzekite preskripsyon yo. Asire ou bay li nan premye vizit ou nan klinik doktè w an 2018.

Èske mwen ka chanje opsyon medikal mwen pandan 2018?

Non. Chwa opsyon medikal ou aplike pou tout ane a, sof si ou gen yon evènman lavi ki kalifye. Pa egzanp, si ou marye, si w fè yon tibebe oswa si w deplase kite zòn Kòd postal ki kalifye a, w ap kapab chanje chwa ou pandan 2018. Rele Sant Avantaj Disney (Disney Benefits Center) nan **1.800.354.3970** pou w jwenn plis enfòmasyon sou evènman lavi ki kalifye yo.

Èske mwen ka chanje PCP mwen an pandan 2018?

Wi; men, nouvo PCP ou an dwe afilye ak rezo Orlando Health la. Pou chanje PCP ou nenpòt ki lè, ou kapab rele 1.855.999.1522.

Kikote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou Allegiance?


Pran plis enfòmasyon sou Allegiance ak Orlando Health nan AskAllegiance.com/DisneyOH

Kikote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou HMO-Orlando Health?

Pran plis enfòmasyon sou Orlando Health nan OrlandoHealth.com/Disney oswa **1.844.939.6437**

Nou se Swen Sante Orlando

Depi 1918, Orlando Health te devlope soti nan yon sèl grenn lopital pou vin tounen yon sistèm swen sante kominotè ki atenn tout Santral Florida ki ranpòte prim.



Lopital Orlando Health yo	Sal Dijans Otonòm & Paviyon Medikal	CareSpot Urgent Care	Kabinè Doktè
Sal Dijans	Paviyon Medikal	Sèvis Pasyan Ekstèn	Kabinè Swen Espesyalite

Orlando Regional Medical Center

52 W. Underwood St.
Orlando, FL 32806

Yonn nan pi gwo etablisman swen avanse nan rejyon an se Orlando Regional Medical Center — etablisman vedèt nou an ki ebèje sèl Sant Nivo En pou Twomatis nan Santral Florida.



Arnold Palmer Hospital for Children

92 W. Miller St.
Orlando, FL 32806

Li chita nan kanpis anbalavil Orlando nou an, e se yon plas pou espwa ak gerizon ki konsakre sèlman pou bezwen swen sante timoun yo. Lopital Arnold Palmer Orlando Health pou Timoun ofri ekspètiz nan tout espesyalite pedyatrik pratikman.



Winnie Palmer Hospital for Women & Babies

83 W. Miller St.
Orlando, FL 32806

Li la pou reponn a bezwen sante espesyal fanm ak tibebe. Li chita nan kanpis anbalavil nou an, epi Lopital Winnie Palmer Orlando Health pou Fanm ak Tibebe se yon lopital ki devan nan founi swen entansif obstetrik ak neyonatal ansanm ak swen sante konplè tou pou fanm nan tout estad nan lavi yo.



Orlando Health UF Health Cancer Center

1400 S. Orange Ave.
Orlando, FL 32806

Sèl Sant pou Kansè eta a deziyen kòm Sant Ekselans nan Santral Florida, pwogram nou an mete ansanm doktè pou kansè ki gen anpil eksperyans avèk chèchè kansè prensipal yo pou ofri tretman espesyal ki adapte pou bezwen chak pasyan.



Dr. P. Phillips Hospital

9400 Turkey Lake Rd.
Orlando, FL 32819

Yon lopital kominotè konplè ki ofri divès kalite pwogram ak sèvis espesyalize pou pasyan nou yo nan sidwès Orange County.



Health Central Hospital

10000 W. Colonial Dr.
Ocoee, FL 34761

Li sèvi pasyan nou yo nan lwès Orange County, e se yon lopital kominotè ki ofri sèvis konplè swen dire kout ki bay aksè nan divès kalite swen espesyalite.



South Seminole Hospital

555 W. State Rd. 434,
Longwood, FL 32750

Li sèvi Seminole County, e se yon lopital kominotè sèvis konplè ki ofri divès kalite pwosedi medikal epi ki konsantre sou prevansyon, byennèt ak sèvis pou sansiblize kominote a.



South Lake Hospital

1900 Don Wickham Dr.
Clermont, FL 34711

South Lake Hospital ofri sèvis medikal konplè ak etablisman trè modèn pou moun ki abite nan South Lake County.



Lakeland Regional Health Medical Center

1324 Lakeland Hills Blvd.
Lakeland, FL 33805

Pi gwo eleman sistèm Sante Lakeland Regional, ki ofri yon pakèt divès kalite sèvis dyagnostik ak tretman pou pasyan ki entène ak pou pasyan ekstèn, ki gen ladan yon Sant Twomatoloji Nivo II ak pi gwo volim nan yon Depatman Dijans nan yon sèl-sant nan tout peyi a.



Orlando Health Medical Pavilion – Spring Lake

7243 Della Dr.
Orlando, FL 32819

Yon sèl kote ki bay tout sèvis pou swen medikal konplè avèk swen jeneral kowòdone ak kabinè doktè espesyalite e sèvis oksilyè tankou imajri dyagnostik, sèvis laboratwa, yon famasi ak yon ti restoran.



Orlando Health Medical Pavilion – Summerport

5151 Winter Garden
Vineland Rd.
Windermere, FL 34786



Nouvo etablisman sa a ofri kominote ozalantou yo yon kote ki toupre-kay yo pou sèvis medikal konplè, avèk kabinè doktè ki louvri kounye a. Lòt sèvis ki prevwa yo gen ladan swen kadyovaskilè ak pedyatrik ansanm ak lòt sèvis oksilyè tou.

Orlando Health Heart Institute

1222 S. Orange Ave.
Orlando, FL 32806

Ofri swen entegre, nan plizyè espesyalite, nan yon anbyans ki fèt dapre bezwen pasyan yo ki mete ansanm kabinè doktè ki ofri swen kadyovaskilè ak òtopedik ansanm ak reyabilitasyon pou pasyan ekstèn, sèvis imajri, yon famasi ak yon ti restoran.



ORLANDO HEALTH®

ADRÈS POSTAL
1414 Kuhl Ave.
Orlando, FL 32806

**Ou gen kesyon sou
Orlando Health?**

Rele Konsyèj Kowòdone
Orlando Health ou an:

844.WDW.OHFP

(844.939.6437) oswa ale nan
OrlandoHealth.com/Disney

